



Kesyon Moun Poze Souvan sou Plan Pwojè pou Asirans Kalite yo

(Quality Assurance Project Plans, QAPP)

1. Kisa yon QAPP ye?

QAPP vle di Plan Pwojè pou Asirans Kalite. Gen kèk moun ki rele l QUAP men se menm koze a y ap pale. Yon QAPP se yon dokiman ki obligatwa si pwojè w la kolekte, pwodui oswa itilize done sou anviwònman an. Aktivite sa yo se aktivite tankou kontwole kalite lè, pran echantiyon dlo, teste tè oswa analize kat jewografik yo avèk GIS. Yon QAPP eksplike fason w pral kolekte done yo pou w analize yo, ak fason w pral garanti asirans kalite nan pwojè w la. Pa egzanp, QAPP w la ka dekri kantite echantiyon tè w pral pran nan yon zòn espesifik, ak fason ou pral kolekte yo pou w pote yo nan yon laboratwa pou w analize yo.

Yon QAPP obligatwa pou pwojè kote y ap fè aktivite sa yo:

- Kolekte done sou anviwònman an (pa egzanp, pran echantiyon lè, dlo, tè)
- Pwodui done sou anviwònman (pa egzanp, modèl enfòmasyon, analiz nan laboratwa)
- Evalye done sou anviwònman an (pa egzanp, analiz ak entèpretasyon done)
- Itilize done sou anviwònman lè yo ap pran desizyon yo (pa egzanp, respè règleman, evalyasyon risk)
- Pwojè Teknoloji Anviwònmanal: Yon QAPP se yon zouti ki obligatwa tou pou pwojè ki kreye, bati, jere, oswa itilize teknoloji anviwònmanal la.

2. Konbyen tan li pran pou w elabore yon QAPP, epi konbyen kòb li koute?

Pa gen yon repons inivèsèl pou kesyon sa a. Yon QAPP dekri tout aktivite pwojè w la pral fè. Kidonk, kantite tan ak kòb li koute a ap depannde sa pwojè w la gen ladan l. Pou pwojè ki pi senp yo (tankou yon pwojè ki vize montre moun nan kominote yo fason pou yo li done sou kalite lè a pou yo kapab di sa yo panse pandan peryòd kòmantè piblik la pou yon verifikasyon pèmi), li ka koute ant \$5,000 ak \$10,000. Pou pwojè ki pi konplèks yo (tankou fè netwayaj nan yon sit ki polye kote li konplike pou pran echantiyon pou evalye kalite lè ak dlo a), li ka koute apeprè \$40,000.

Epitou, pa bliye pri kontraktiyèl yo ka varye soti nan yon zòn jewografik ale nan yon lòt. Si w



nan yon zòn pwovens, li kapab koute plis kòb pou yon kontraktyèl ale nan zòn nan. Chif nou bay la yo se estimasyon, sa vle di se pa pri reyèl kontraktyèl yo mande.

Pa bliye, li kapab pran anpil tan pou elabore yon QAPP. Kidonk, ou ka bezwen plis asistans teknik oswa konsèy. Sa ki ka ogmante bidjè w. Epi tou, w ap bezwen verifye QAPP a epi fè chanjman ladan li regilyèman pou asire w l ap fonksyone anpèmanans. Se pi bon fason pou detèmine kantite tan sa pran ak konbyen kòb li koute pou travay avèk yon espesyalis, tankou yon kontraktyèl ki gen eksperyans avèk EPA sou asirans kalite.

3. Konbyen paj yon QAPP genyen?

Kantite paj yon QAPP genyen varye selon aktivite pwojè yo, sa vle di li kapab genyen ant youn (1) ak 40 paj. Pi ba a w ap wè Eleman Kle ki nan yon QAPP:

- Deskripsyon Pwojè a: Objektif, pòte, ak metodoloji.
- Koleksyon Done: Teknik ak fason pou w kolekte done sou anviwònman an.
- Analiz Done: Metòd pou w analize ak valide done yo.
- Kontwòl Kalite: Mezi pou w asire done yo egzak epi fyab.
- Rapò: Fason w pral anrejistre rezilta yo epi pataje yo.

4 Èske gen yon mwayen fasil pou m konnen si m ap bezwen yon QAPP pou pwojè mwen an?

EPA elabore yon lis evalyasyon kominote yo kapab itilize pou yo konnen si pwojè yo a ap bezwen yon QAPP. Gade ribrik "Kesyon Evalyasyon pou Asirans Kalite" ki nan dokiman ki an rapò ak li a. Pou w pi byen konprann si aktivite pwojè w la bezwen yon QAPP, nou konseye w pale avèk responsab pwogram UNITE-EJ a, ki li menm an kontak avèk pwofesyonèl Asirans Kalite yo nan EPA.

5. Èske w kapab bay egzanp pwojè ki bezwen QAPP yo ak pwojè ki pa bezwen yon QAPP?

Kit yon QAPP obligatwa kit li pa obligatwa, sa depannde fason ou itilize fon EPA yo ak aktivite ou site nan plan pwojè w la.

Men de (2) senaryo pou w konsidere:



Premye Senaryo

Egzanp kote yon QAPP PA obligatwa:

Yon gwoup moun nan kominote a ap travay nan yon katye polisyon izin chimik XYZ ki toupre a afekte. Lè a rive pou yo renouvle pèmi izin chimik XYZ la epi moun yo ap gen okazyon pou yo di sa yo panse sou koze a nan kat (4) mwa. Gwoup moun nan kominote a vle ede moun ki afekte yo konprann polisyon ki nan katye yo a nan ede yo li ansyen rapò sou kalite lè ajans Eta ak ajans federal yo pibliye.

Aktivite pwojè a:

- Òganize senk (5) atelye pou montre 100 moun ki afekte nan kominote a fason pou yo navige sou sitwèb ak bazdone Eta ak gouvènman federal yo. Fòm lidè kominotè yo pou yo konnen ki kote ak fason pou yo jwenn done sou kalite lè a epi konprann yo. Fè sansibilizasyon sou enpak polisyon izin chimik XYZ la genyen nan katye a.

Egzanp kote yon QAPP obligatwa:

Yon gwoup moun nan kominote a ap travay nan yon katye polisyon izin chimik XYZ ki toupre a afekte. Lè a rive pou yo renouvle pèmi izin chimik XYZ la epi moun yo ap gen okazyon pou yo di sa yo panse sou koze a nan kat (4) mwa. Gwoup moun nan kominote a vle ede moun ki afekte yo konprann polisyon ki nan katye yo a nan ede yo li ansyen rapò sou kalite lè ajans Eta ak ajans federal yo pibliye.

Aktivite pwojè a:

- Òganize senk (5) atelye pou montre 100 moun ki afekte nan kominote a fason pou yo navige sou sitwèb ak bazdone Eta ak gouvènman federal yo. Fòm lidè kominotè yo pou yo konnen ki kote ak fason pou yo jwenn done sou kalite lè a epi konprann yo. Fè sansibilizasyon sou enpak polisyon izin chimik XYZ la genyen nan katye a.
- Gwoup moun nan kominote a prevwa soumèt kòmantè ki mete aksan sou fason izin chimik XYZ la ap nwi kominote a yon fason pou enfluyanse desizyon y ap pran sou zafè renouvèlman pèmi izin chimik XYZ la.
- Fòmasyon gwoup moun nan kominote a prepare moun ki afekte yo pou yo ka di sa yo panse pandan peryòd kòmantè piblik pou pwosesis renouvèlman pèmi izin chimik XYZ la.



Dezyèm Senaryo

Egzanp kote yon QAPP PA obligatwa:

Yon gwoup tribal aplike nan pwogram Thriving Community Grantmaker a pou yo ka finanse yon pwojè ki pral ogmante kapasite yo pou analize sous dlo sou tè yo. Yo bezwen rekrite anplwaye, achte ekipman epi pase men nan sitwèb yo a pou yo kapab jere done yo kolekte yo kòmsadwa.

Aktivite pwojè a:

- Rekrite yon moun ki pou travay a plen tan nan pòs Direktè Tribal Divizyon Analiz Dlo a epi ekonomize \$50,000 pou rekrite de (2) estajyè ete nan pwogram nan.
- Achte pou \$100,000 ekipman tankou kontè pòtab ki gen kalibraj, kit pou teste klète dlo ak sonn pòtab.

Egzanp kote yon QAPP obligatwa:

Yon gwoup tribal aplike nan pwogram Thriving Community Grantmaker a pou yo ka finanse yon pwojè ki pral ogmante kapasite yo pou analize sous dlo sou tè yo. Yo bezwen rekrite anplwaye, achte ekipman epi pase men nan sitwèb yo a pou yo kapab jere done yo kolekte yo kòmsadwa.

Aktivite pwojè a:

- Rekrite yon moun ki pou travay a plen tan nan pòs Direktè Tribal Divizyon Analiz Dlo a epi ekonomize \$50,000 pou rekrite de (2) estajyè ete nan pwogram nan.
- Achte pou \$100,000 ekipman tankou kontè pòtab ki gen kalibraj, kit pou teste klète dlo ak sonn pòtab.
- Nouvo Direktè Divizyon Analiz Dlo a fòme estajyè ete yo ak lòt benevòl yo epi rasanble yon ekip ki rele Summer Streamkeepers (Gadò Kouran Dlo) ki pral travay sis (6) semèn pandan sezon ete a.
- Ekipman yo fenk achte yo ap fonksyone epi yo itilize yo pou yo fè tèss sou teren.
- Ekip Gadò Kouran Dlo a analize rezilta yo epi yo pataje yo avèk kominote a ak komite dlo ki nan zòn nan.

Apwòch Etap pa Etap:

Premye Etap - Si y ap achte ekipman oswa rekrite pèsònèl, QAPP a pa obligatwa

Dezyèm Etap - Si yo vle fè ekipman yo fonksyone epi rasanble enfòmasyon anviwònmanal, wi QAPP a obligatwa



Li rekòmande pou yo kòmanse travay sou QAPP a pandan Premye Etap la, pandan y ap rekrute pèsònèl ak achte ekipman. Sa ap pèmèt moun ki benefisye sibvansyon an pare pou l jwenn apwobasyon EPA nan Premye Etap la epi mete sou pye aktivite sou teren yo nan Dezyèm Etap la.

6. Èske QAPP mwen an dwe jwenn apwobasyon EPA anvan yo ban mwen sibvansyon an? Èske m ap kapab retire fon pou mwen pran yon espesyalis oswa yon kontraktyèl anvan yo apwouve QAPP mwen an.

Pwogram Thriving Communities Grantmakers la ap egzamine aplikasyon yo epi y ap pran desizyon sou sibvansyon yo anvan yon QAPP vin obligatwa. Si yo chwazi yon pwojè pou ba li finansman, plan an dwe gen ladan l kreyasyon yon QAPP. Yon QAPP pa oblije gen apwobasyon EPA anvan pou yo ba li yon sibvansyon.

Pa gen okenn travay sou teren ki kapab fèt toutotan EPA pa apwouve QAPP w la. Sa vle di w pa ka pran okenn echantyon ni kolekte done sou anviwònman an toutotan w pa jwenn apwobasyon. Men, ou kapab fè lòt demach administratif epi ou kapab resevwa yon avans ak/oswa ranbousman pou aktivite sa yo sèlman. Aktivite sa yo se rekrute pèsònèl ekip pwojè w la, idantifye objektif pwojè echantyonaj ou a, pran yon kontraktyèl tankou yon espesyalis ki kapab ede w elabore QAPP w la epi soumèt li bay EPA pou li ka apwouve l.

7. Èske mwen kapab kòmanse pwojè mwen an anvan yo apwouve QAPP mwen an?

Wi, ou kapab kòmanse aktivite pwojè yo anvan yo apwouve QAPP w la men se sèlman demach administratif yo ou kapab fin fè anvan yo apwouve QAPP w la. Ou kapab fè aktivite ki pa gen zafè kolekte done ak/oswa enfòmasyon sou anviwònman ladan yo anvan yo apwouve QAPP a.

8. Konbyen tan EPA pran pou li apwouve yon QAPP?

Chak biwo Rejyonal EPA gen delè ki diferan pou pwosesis apwobasyon yo. Jeneralman, apwobasyon an pran ant youn (1) a kat (4) mwa apati lè w soumèt QAPP w la.



9. Tèt mwen klè sou kalite pwojè mwen vle fè a men m pa t janm elabore yon QAPP oparavan. Èske li difisil?

Li kapab pran anpil tan pou elabore yon QAPP. Kidonk, ou ka bezwen plis asistans teknik oswa konsèy. Sa ki ka ogmante bidjè w. Epi tou, w ap bezwen verifye QAPP a epi fè chanjman ladan li regilyèman pou asire w l ap fonksyone anpèmanans. Plan UNITE-EJ yo bay moun ki benefisye sibvansyon yo asistans teknik pou yo ka elabore QAPP yo epi fè yo jwenn apwobasyon EPA. Asistans teknik UNITE-EJ bay la vize reponn ak bezwen kominote yo kote yo ye a, kit yo gen tikal eksperyans kit yo gen anpil eksperyans nan zafè elaborasyon QAPP.

10. Apre yo fin di m jwenn sibvansyon an, konbyen tan mwen genyen pou m soumèt QAPP mwen an? Èske gen yon dat limit?

Yo pa fikse okenn dat limit men pa bliye ou p ap kapab tanmen okenn aktivite sou teren toutotan EPA pa apwouve QAPP w la. Si w soumèt QAPP a epi yo apwouve li an reta, sa ka retade tout pwojè w la.